

The University of the State of New York

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISWA AK GOUVÈNMAN  
ETAZINI**

Mèkredi 15 Jen 2016 — 1:15 jiska 4:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

1 Ki patikilarite jewografik ki te gen plis enfliyans pozitif enpòtan sou fason moun yo te etabli yo ak devlopman ekonomik nan koloni Amerik Dinò Britanik yo?

- (1) rivyè ak pò
- (2) mòn ak plato
- (3) forè ak dezè
- (4) prerri ak lak

2 Kanal Erie te jwe yon gwo wòl nan etablisman Midwès la paske li te kreye yon lyen ant Oseyan Atlantik la ak

- (1) Gòlf Meksik
- (2) Gran Lak
- (3) Rivyè Missouri
- (4) Oseyan Pasifik

3 Pandan ane 1600 ak 1700 yo, objektif fondamanl mèkantil Britanik se te pou

- (1) entèdi yo ekspòte tout materyèl matyè premyè soti nan koloni yo
- (2) ankouraje konpetisyon ekonomik ak koloni Ameriken yo
- (3) devlope pwodiksyon anndan koloni yo
- (4) kenbe yon bon balans komès pou Grann Bretay ak koloni li yo

4 Grann Bretay te pemèt Pwoklamasyon 1763 a apre Lagè Fransè ak Endyen an prensipalman pou

- (1) ankouraje etablisman kolonyal ki depase Mòn Apalach yo
- (2) limite konfli an Endyen Natifnatal Ameriken yo ak kolon yo
- (3) ankouraje lyen ekonomik kolonyal ak Lafrans
- (4) fòse kolon franse yo kite teritwa britanik

Baze repons ou pou kesyon 5 lan sou pasaj ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.

...Pliske ti zile yo pa kapab pwoteje tèt yo, li te vin fè sans pou wayòm yo pran yo anba zèl yo; men gen yon bagay ki dwòl, lè nou sipoze yon ti zile kapab gouvène yon kontinan pou tout tan. Lanati pa te janm fè yon satelit pi gran pase planèt prensipal li, epi nan ka Angletè ak Lamerik, nan rapò yo youn anvè lòt, lòd nòmal lanati a lanvè, epi li klè yo fè pati diferan sistèm: Angletè pou Lewòp, Lamerik pou tèt li...

— Thomas Paine, *Common Sense*

5 Entansyon agiman ki nan pasaj sa a se te pou

- (1) pouse kolon yo aksepte Plan Inyon Nan Albany an
- (2) bay yon rezyon pou ratifikasyon Konsitasyon Etazini an
- (3) konvenk kolon Ameriken yo pou deklare endepandans yo
- (4) pèsyade Lafrans pou ede Etazini nan Gè Revolisyonè a

6 Kisa yon efè Konpwomi Twa Senkyèm nan te ye?

- (1) Eta esklav yo te gen plis reprezantasyon nan kongrè a.
- (2) Yo te etabli kantite jij ki nan Lakou Siprèm nan.
- (3) Yo te asire nominasyon prezidansyèl yo byen fasil.
- (4) Yo te kreye yon lejislati ak de (2) chanm.

Baze repons ou pou kesyon 7 lan sou pasaj ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.

...Pa gen okenn verite politik ki gen plis valè entrensèk [esansyèl], oswa ki gen so ki otorize plis moun k ap defann libète, pase sa opozisyon fonde sou li. Nou kapab deklare akimilasyon tout pouvwa yo, lejislatif, egzekitif, ak jidisyè, nan menm men yo, kit se youn, kèk, oswa plizyè moun, epi menmsi se pa eritaj, moun ki nome tèt yo, oswa elektoral, kòm vrè definisyon tirani....

— James Madison, *The Federalist*, Number 47

7 Ki prensip konstitisyonèl ki te etabli pou pwoteje sitwayen ameriken yo kont tirani yo sijere nan sitasyon sa a?

- (1) garanti sitwayen devan lalwa
- (2) dwa Eta yo
- (3) souvènte popilè
- (4) separasyon pouvwa yo

Baze repons ou pou kesyon 8 lan sou pasaj ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.

Chak eta genyen souvènte, libète ak endepandans pa li, ak tout pouvwa, jiridiskyon ak dwa, sa pa soti nan konfederasyon sa a Etazini te delege, nan Kongrè asanble.

— Article II, Articles of Confederation

Pouvwa Konstitisyon an pa delege bay gouvènman Etazini an, epi Konstitisyon an pa entèdi yo pou eta yo, rezève pou eta ki apwopriye yo, oswa pou pèp la.

— 10th amendment, United States Constitution

8 Objektif chak nan lwa sa yo se pou

- (1) detèmine kijan pou divize pouvwa ant eta yo ak gouvènman santral yo
- (2) kreye yon pwosesis pou pèmèt amandman
- (3) bay gouvènman santral la pouvwa pou kontwòle eta yo
- (4) limite pouvwa branch egzekitif la

9 “**Prezidan Jackson Opoze a Lwa ki Rekonstitiye Bank Etazini an**”  
“**Tribinal Taney Ranvèse Konpwomi Missouri a**”  
“**Sena Apwouve Trete OTAN an**”

Ki konsèp gran tit sa yo ilistre pi byen?

- (1) federalis
- (2) demokrasi dirèk
- (3) sistèm pouvwa ekilibre
- (4) ekspansyon nan direksyon lwès

10 Kisa yon gran demann Antifederalis yo te ye pandan deba sou ratifikasyon Konstitisyon Ameriken an?

- (1) pou esklavaj kontinye
- (2) dwa pou gen abeyas kopous
- (3) ajoute yon deklarasyon dwa moun
- (4) redwi kantite reprezantan nan Kongrè a

11 Ki tit nou t ap konsidere yon egzanp konstitisyon ki pa ekri a?


- (1) “**Prezidan Nixon Opoze Lwa Pouvwa Gè a**”
- (2) “**Kongrè Apwouve Lwa Rediksyon Taks Prezidan Reagan nan**”
- (3) “**Kongrè Vote Pou Akize Prezidan Bill Clinton**”
- (4) “**Prezidan Obama Nome Hillary Clinton nan Kabinè li**”

12 Kisa yon objektif komen Pwoklamasyon Netralite a (1793), Lwa Sou Anbago a (1807), ak Doktrin Monroe a (1823) te ye?

- (1) fòse Grann Bretay bay Kanada endepandans
- (2) evite konfli ant nasyon Ewopeyen yo
- (3) bay nasyon Ewopeyen yo asistans nan tan lagè
- (4) ankouraje mouvman endepandans nan Amerik Latin

Baze repons ou pou kesyon 13 la sou kat jewografik ak konesans ou nan etid sosyal.

### Chemen Fè an 1840 ak 1860



Sous: Kownslar and Frizzle, *Discovering American History*, Holt, Rinehart and Winston (adapte)

13 Enfòmasyon ki nan kat jewografik sa a sipòte byen konklisyon

- (1) sistèm transpò Sid la te pi efikas
- (2) se gouvènman Ameriken ki te pwopriyetè chemen fè yo epi se li ki te opere yo
- (3) chemen fè trans-kontinatal la te konekte bò Wès ak Sid ansanm
- (4) Nò a te gen avantaj transpò nan kòmansman Gè Sivil la

14 Desizyon Lakou Siprèm nan sou *Marbury* kont *Madison* (1803), *McCulloch* kont *Maryland* (1819), avèk *Gibbons* kont *Ogden* (1824) te similtè paske rezilta yo chak te lakòz

- (1) devlopman nouvo pati politik
- (2) admisyon nouvo eta esklav
- (3) ranfòsman pouvwa gouvènman federal la
- (4) ekspansyon dwa kòporasyon yo

15 Konpwomi Missouri 1820 an ak Konpwomi 1850 lan se gouvènman federal la ki t ap tante

- (1) limite imigrasyon ki soti ann Ewòp
- (2) redwi konfli sou esklavaj
- (3) regle dispit sou fontye ak Meksik
- (4) kontwòle imigrasyon kolon yo nan nouvo teritwa oksidantal yo

- 16 Lwa Sou Pwopriyete 1862 a te enpòtan pou ekspansyon Etazini paske li te bay
- (1) tè pou kolèj agrikilti
  - (2) asistans pou agrikiltè nan Sid
  - (3) tè gratis pou kolon nan Lwès yo
  - (4) tè pou konstriksyon nan chemen fè trans-kontinantal yo
- 17 Apre Gè Sivil la, yon gran koz konfli ant Prezidan Andrew Johnson ak Repibliken Radikal yo nan Kongrè a se te dezagreman sou
- (1) plan pou restore eta Sid yo nan Inyon an
  - (2) yon pwopozisyon pou revoke Pwoklamasyon Emansipasyon an
  - (3) yon redikasyon lame ak navi jan li te ye avan gè a
  - (4) efò kongrè a pou peye dèt lagè Konfedere a
- 18 Nan fen ane 1800 yo, ki ide yo te plis itilize pou jistifye eliminasyon konpetisyon at biznis?
- (1) konsèvasyon
  - (2) Manifès Destine
  - (3) Dawinis Sosyal
  - (4) popilis
- 19 Yo te itilize enpo sou vòt, tè alfabetizasyon, ak kloz granpè nan Sid apre 1890 pou
- (1) sipòte objektif Biwo Moun Lib la
  - (2) refize dwa ameriken nwa yo pou vote
  - (3) diskredite desizyon “separe men egal” Lakou Siprèm nan
  - (4) ranfòse amandman yo te adopte pandan Gè Sivil ak Rekonstriksyon an
- 20 Enpòtans *Northern Securities Co.* kont *Etazini* (1904) se Lakou Siprèm nan
- (1) te itilize Lwa Antitwòs Sherman nan pou kase yon monopoli
  - (2) te pwononse lwa travay timoun pa te konstitisyonèl
  - (3) te soutni dwa pou fanm vote
  - (4) te etabli regleman pou Bous Nouyòk la

Baze repons ou pou kesyon 21 an sou kat deklarasyon ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.

...politik gouvènman Etazini se pou chèche yon solisyon ki kapab pote sekirite ak lapè pèmanan an Lachin, prezève antite teritoryal ak administratif Chinwa yo, pwoteje tout dwa pou garanti pisans zanmi yo ak trete avèk lwa entènasyonal, epi pwoteje prensip komès egal ak san patipri monn nan ak tout pati Anpi Chinwa a....

– Secretary of State John Hay, Circular Letter, July 3, 1900

- 21 Ekstrè Lèt Sikilè John Hay la sa a te vin fè pati
- (1) Politik Pòt Louvri
  - (2) Kowole Roosevelt nan Doktrin Monroe a
  - (3) politik Diplomasi Dola
  - (4) Pak Kellogg-Briand
- 
- 22 Nan kòmansman ane 1900 yo, Pwogresis yo te reyisi konsolide kontwòl federal sou rantrè lajan lè yo te
- (1) pase Lwa Antitwòs Clayton nan
  - (2) kreye Sistèm Rezèv Federal la
  - (3) adopte yon Lwa Tarif Underwood
  - (4) etabli etalon lò a
- 23 Pou ki rezon eta yo te adopte inisyativ, referandòm, ak rapèl pandan Peryòd Pwogresis la?
- (1) sipòte nouvo pati politik
  - (2) ogmante pouvwa elektè yo sou pwosesis politik la
  - (3) re-etabli kalifikasyon pwopriyete pou vote
  - (4) bay imigran yo dwa pou vote

Baze repons ou pou kesyon 24 lan sou desen ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.

### SI KAPITAL AK TRAVAY PA MACHE ANSANM



Sous: John McCutcheon, *Chicago Tribune*, 1919 (adapte)

24 Ki deklarasyon ki dekri pi byen agiman prensipal yo te fè nan desen 1919 sa a?

- (1) Travay ak jesyon gen menm objektif ekonomik yo.
- (2) Gouvènman federal la dwe pran posèsyon gwo endistri yo.
- (3) Travayè ki òganize pi pwodiktif pase travayè ki pa fè pati sendika.
- (4) Dispit ant travay ak dirijan binis yo ap fè ekonomi an soufri.

25 Kisa Almay te fè ki te lakoz Etazini antre nan Premye Gè Mondyal la?

- (1) atake bato Britanik
- (2) fòme yon alyans ak Otrich-Ongri
- (3) kontinye gè soumarin san restriksyon
- (4) anvayi Lafrans

26 Lakou Siprèm Etazini nan *Schenck* kont *Etazini* (1919) te pwononse libète pawòl kapab limite pandan ijans nasyonal lè pawòl la

- (1) menase prensip dwa Eta yo
- (2) an konfli ak politik ekonomik nasyonal yo
- (3) deranje yon kanpay prezidansyèl
- (4) prezante yon danje klè ak prezan pou nasyon an

Baze repons ou pou kesyon 27 lan sou foto a ak konesans ou nan etid sosyal.

**Basen Pousyè, 1936**



Sous: Farm Security Administration

27 Sitiyasyon ki parèt nan foto sa a te rive nan ki rejyon?

- (1) Vale Rivyè Ohio
- (2) Gran Plèn
- (3) Mòn Wòch
- (4) Nòdès

Baze repons ou pou kesyon 28 la sou tablo ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.

**Depans konsomatè (an milya) sou kèt pwodwi ak valè total yo, 1929–1933**

	1929	1933
Manje	\$19.5	\$11.5
Lojman	\$11.5	\$7.9
Rad	\$11.2	\$5.4
Otomobil	\$2.6	\$0.8
Swen medikal	\$2.9	\$1.9
Filantwopi	\$1.2	\$0.8
Valè aksyon nan Bous Nouyòk la	\$89.7	\$22.2

Sous: *Historical Statistics of the United States*

28 Ki konklizyon ki sipòte enfòmasyon ki sou tablo sa a pi byen?

- (1) Lè biznis yo fè piblisite yo vann plis pwodwi.
- (2) Te vin gen plis vyolans nan travay toupatou nan peyi a.
- (3) Kondisyon ekonomik yo te vin pi mal.
- (4) Mache bousye a te retabli an 1933.

Baze repons ou pou kesyon 29 lan sou pasaj ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.

...Nan tout Nasyon ki gen nan lemond jodiya nou gen plis benediksyon. Vwazen ki pi pre nou yo se bon vwazen. Si gen Nasyon elwaye [distan] ki vle malè pou nou, yo konnen nou fò; yo konnen nou kapab defann tèt ou ak vwazinay nou, epi nou kapab.

Nou p ap chèche domine okenn lòt Nasyon Nou pa mande okenn ekspansyon teritoryal. Nou kont enperyalis. Nou vle redwi kantite zam ki gen nan momn nan...

— President Franklin D. Roosevelt, Address at Chautauqua, NY, August 14, 1936

29 Ki politik Prezidan Franklin D. Roosevelt t ap sipòte nan diskou sa a?

- (1) netralite nan relasyon etranjè
- (2) ogmantasyon nan depans militè
- (3) ogmantasyon nan èd etranje
- (4) kreyasyon alsyans militè

Baze repons ou pou kesyon 30 a 32 yo sou desen ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.

**Eske Nou Vle Yon Lwa Vantrilòg Nan Lakou Siprèm nan?**



Sous: *Waterbury Republican*, February 14, 1937

- 30 Desen 1937 sa a ap kritike plan Prezidan Franklin D. Roosevelt pou
- (1) redwi kantite tribinal federal ki genyen
  - (2) akize jij Lakou Siprèm ki te genyen yo
  - (3) bay eta yo pouvwa pou nome jij Lakou Siprèm yo
  - (4) ogmante kantite jij ki nan Lakou Siprèm nan
- 31 Yon rezon Prezidan Franklin D. Roosevelt te pwopoze plan an yo montre nan desen an te paske Lakou Siprèm nan te
- (1) konteste dwa li pou al nan eleksyon pou yon twazyèm manda
  - (2) refize plizyè nominasyon enpòtan nan Kabinè a
  - (3) pwononse kont lwa pou pwoteje dwa minorite yo
  - (4) deklare pati nan Pwogram Nouvo Kontra kle yo pa te konstitisyonèl
- 32 Plizyè manm Kongrè te kont plan nou montre nan desen an paske li t ap
- (1) redwi pouvwa prezidan an
  - (2) deranje sistèm pouvwa ekilibre a
  - (3) detwi sistèm federalis la
  - (4) twò chè pou mete ann aplikasyon



Baze repons ou pou kesyon 33 a sou foto ak afich la ak konesans ou nan etid sosyal.



Sous: "Women workers chipping paint,"  
Marinship Corp., National Archives, 1942



Sous: Office of War Information, 1943

33 Foto ak afich ki montre sèn ki menm jan ak sa gouvènman federal la te itilize pou

- (1) sipòte objektif pou tout moun touche menm lajan pou menm travay la
- (2) dekouraje fanm yo pran travay gason ki gen fanmi
- (3) rekrite fanm pou fè travay pwodiksyon pandan lagè
- (4) ankouraje fanm yo pou akspete wòl konba

34 Lwa Re-Adaptasyon Militè 1944 (Lwa GI) la te responsab pou

- (1) bati baz militè Ameriken nan peyi alye yo toupatou nan lemonn
- (2) bay edikasyon ak asistans kredi kay pou sòlda ki te soti nan Dezyèm Gè Mondyal la
- (3) mete kantite militè ki ann aktivite nan men nivo li te ye avan-Dezyèm Gè Mondyal
- (4) mete ekonomi Ameriken an nan yon resesyon apre Dezyèm Gè Mondyal

35 Desizyon Prezidan Harry Truman pou lage bonm atomik sou Japon an se paske li ta kwè sa te kapab

- (1) sove lavi Ameriken yo paske sa t ap evite Japon anvayi yo
- (2) fòse Almay ak Itali mete zam yo atè
- (3) ede kreye yon alyans militè ak Lachin
- (4) pèsyade Inyon Sovyetik pou abandone

Baze repons ou pou kesyon 36 lan sou desen ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.



Sous: Edwin Marcus, c. 1947, Library of Congress (adapte)

36 Ki efò Etazini nou wè Inyon Sovyetik ap reponn nan desen sa a?

- (1) yon angajman pou rekonstri Lig Nasyon yo
- (2) yon plan pou mete men ak lòt nasyon pou redwi depans militè
- (3) yon efò pou amelyore relasyon Etazini–Sovyet
- (4) yon efò pou estabilize Lewòp Oksidantal

37 “Grès Resevwa Asistans Nan Men Etazini Pou Konbat Kominis”

“Militè Ameriken Pote Pwovizyon Bèlen Pa Avyon”  
 “Yo Voye Sòlda Ameriken Pou Defann Vyètnan Sid”

Gran tit sa yo ilistre pi byen angajman Etazini pou gen yon politik

- |                 |                     |
|-----------------|---------------------|
| (1) detant      | (3) kont ekspansyon |
| (2) izolasyonis | (4) enperyalis      |

- 38 • Kondanasyon Alger Hiss
- Jijman Rosenberg
- Odyans McCarthy

Evènman apre Dezyèm Gè Mondyal sa yo plis asosye ak lakrent

- (1) yon ogmantasyon imigrasyon ki soti Inyon Sovyetik
- (2) konfli travay nan vil Etazini
- (3) yon ekspansyon kominis nan Kiba
- (4) yon menas kominis anndan Etazini

39 Lè Inyon Sovyetik te lanse *Sputnik* an 1957 sa imilye Etazini paske li te

- (1) kite Sovyèt yo mete misil nan peyi Tik
- (2) devwale Sovyèt yo te gen zam nikleyè
- (3) sanble Etazini te dèyè nan reyalizasyon syantifik
- (4) konfime Etazini te itilize avyon espyonaj U-2

40 “...Se sa ki fè, konpratriyòt Ameriken mwen yo: pa mande sa peyi ou kapab fè pou ou—mande sa ou kapab fè pou peyi ou.

Sitwayen nan tout kat kwen monn nan: pa mande sa Lamerik kapab fè pou ou, men sa nou kapab fè ansanm pou libète lèzòm...”

— President John F. Kennedy, Inaugural Address, January 20, 1961

Prezidan Kennedy te chèche reyalie objektif ki dekri nan diskou sa a ak sipò nan kreyasyon

- (1) Kò Lapè
- (2) Bank Mondyal
- (3) Oganizasyon Eta Ameriken (OEA)
- (4) Oganizasyon Trete Azi Sidès (SEATO)

Baze repons ou pou kesyon 41 an sou afich ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.



Sous: Another Mother for Peace

- 41 Afich ane 1967 sa a se yon ekspresyon
- (1) sipò pou politik etranjè prezidan an
  - (2) sipò pou ogmante finansman pou pwogram anviwònmanal
  - (3) opozisyon ak refòm swen sante pou moun aje ak pòv yo
  - (4) opozisyon ak patisipasyon Etazini nan Vyetnam

42 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

I. \_\_\_\_\_

- A. *Motèl Heart of Atlanta* Kont Etazini (1964)
- B. Lwa Sou Dwa Pou Vote 1965
- C. Lwa Sou Lojman Ekitab 1968

- (1) Fanm Latino Jwenn Salè Egal-Ego
- (2) Mouvmant Dwa Sivil la Genyen Laviktwa
- (3) Endyen Natifnatal Ameriken Yo Repran Dwa Sou Tè Yo
- (4) Moun ak Andikap Genyen Opòtinite Edikasyon

43 Nan *New York Times* kont Etazini (1971) ak Etazini kont Nixon (1974), Lakou Siprèm nan mete limit sou

- (1) otorite jij federal yo
- (2) dwa pou egzès libète relijyon
- (3) pouvwa prezidan an
- (4) dwa Kongrè pou deklare lagè

44 Ki deklarasyon ki dekri yon fason pi egzat yon rezilta adopyon Akò Lib Echanj Amerik-di-Nò an (North American Free Trade Agreement, NAFTA) nan ane 1993?

- (1) Yo te redui baryè sou tarif ant twa pi gran nasyon nan Amerik-di-Nò yo.
- (2) Yo te kreye yon sèl lajan ki an sikilasyon pou Amerik-di-Nò.
- (3) Yo te eliminite restriksyon imigrasyon ant nasyon Amerik-di-Nò yo.
- (4) Etazini te sispann enpòte petwòl ki soti nan lòt nasyon Amerik-di-Nò yo.

Baze repons ou pou kesyon 45 lan sou desen ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.



Sous: Jeff Stahler, *Columbus Dispatch*, March 7, 2009 (adapte)

45 Ki sitiyasyon ki gen rapò ak Gran Resesyon ant 2008 ak 2009 la desen sa ap abòde?

- (1) kriz nan sezi kay
- (2) defisi bidjè federal ki ogmante
- (3) mank etablisman swen sante
- (4) estabilite finansyèl Sekirite Sosyal k ap bese

46 **“Kongrè Pase Lwa Etranje ak Sedisyon”**  
**“Lincoln Sispann Lòd Abeyas Kopous”**  
**“Roosevelt Otorize Entènman Amerikin dorijin Japonè sou kot lwès”**

Ki konklizyon ki sipòte gran tit sa yo pi byen?

- (1) Imigran yo se yon danje pou Etazini.
- (2) Sa moun panse ki yon menas pou sekirite nasyonal kapab fè yo mete limit sou libète sivil.
- (3) Konfli lokal kapab genyen yon gwo enpak sou politik etranjè.
- (4) Risk sekirite nasyonal afebli pouvwa gouvènman federal la.

47 Nan ane 1880 ak 1920 yo, pri pwodwi agrikilti Etazini yo te bese akòz

- (1) yo te kiltive twòp viv
- (2) pa te gen ase bon tè pou kiltive
- (3) konpetisyon ak machandiz pi bon mache yo te enpòte
- (4) politik monetè ki te lakòz enflasyon

48 Yon fason mouvman Pwogresif kòmansman ane 1900 yo ak mouvman dwa fanm ane 1960 yo te parèy se paske yo chak te lakòz


- (1) restriksyon nan imigrasyon
- (2) limit sou aktivite sendika
- (3) yo te pase lwa refòm
- (4) yon politik ekonomik lèse fè te retounen

49 Yon fason Nouvo Kontra Prezidan Franklin D. Roosevelt la ak Gran Sosyete Prezidan Lyndon B. Johnson nan te parèy se paske tou de pwogram yo te

- (1) fè dwa sivil pou ameriken nwa yo yon gwo objektif
- (2) jwenn anpil sipò men pa anpil kritik
- (3) ede fini ak gwo depresyon yo
- (4) tante amelyore vi pòv ak moun aje yo

Baze repons ou pou kesyon 50 sou tablo ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.

### Imigrasyon Legal Ozetazini: Ane Fiskal 1820 a 2010



Sous: U.S. Department of Homeland Security (adapte)

50 Rezon pa te gen anpil imigrasyon ant 1930 ak 1945 lye dirèkteman ak

- (1) Lwa Ekslizyon Chinwa yo te pase a
- (2) Gran Depresyon ak Dezyèm Gè Mondyal la
- (3) Gè Fwad ak mouvman dwa sivil la
- (4) amelyorasyon nan kalite vi nan Ewòp ak Lazi

**Paj sa a rete vid toutespre.**

**ALE SOU PWOCHEN PAJ LA ⇒**

**Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.**

**Nan devlopman repons pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## **Pati II**

### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Mouvman Refòm Yo**

Pandan peryòd 1820 a 1933, moun ak gwoup yo te patispie nan gwo mouvman refòm pou pote chanjman sosyal, politik ak ekonomik nan sosyete ameriken an. Yo te reyisi ak refòm sa yo nan diferan degre.

#### **Sa pou fè:**

Chwazi **de (2)** gran refòm pandan peryòd ant 1820 ak 1933 epi pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te fè gen refòm nan
- Diskite nan ki degre mouvman an te reyalize objektif li

Ou kapab itilize nenpòt gwo mouvman refòm pandan peryòd ant 1820 ak 1933 a. Kèk sijesyon ou kapab konsidere se mouvman abolisyon an, mouvman sifraj fanm nan, mouvman tanperans lan (entèdiksyon), mouvman pwoteksyon konsomatè a, mouvman travay la, ak mouvman konsèvasyon an.

#### **Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

#### **Gid:**

##### **Nan redaksyon ou asire ou**

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

## Pati III

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

**Kontèks Istorik:**

Nan tout istwa Etazini, te gen lagè pou pwoteje sekirite nasyonal ak pwomouvwa enterè nasyonal. Gè sa yo te afekte Etazini ak sosyete Ameriken an nan pliyè fason. Gè sa yo gen ladan yo *Gè Hispano-Ameriken (1898)*, *Gè Koreyen (1950–1953)*, ak *Gè Gòf Pèsik la (1991)*.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi *de* (2) gè ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou *chak*

- Dekri sikonstans istorik ki te fè Etazini te enplike nan gè a
- Diskite efè gè a sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”



## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

##### Mesaj Gè Pou Kongrè a

...Men kijan nou kapab rezime rezon pou yon entèkansyon konsa:

Premyèman. Pou limanite ak pou mete yon fen nan zak sovaj, san k ap koule, moun k ap mouri ak grangou, ak gwo mizè ki egziste kounye a, ak ki pati nan konfli a ki swa pa kapab kanpe oswa redui [bese] oswa ki pa vle fè sa. Di tout bagay sa yo ap pase nan yon lòt peyi, ki fè pati yon lòt nasyon, epi sa pa gade nou, pa repons lan. Se sitou responsablite nou, paske l ap rive devan pòt nou.

Dezyèmman. Nou dwe sitwayen nou yo ki nan Kiba yon mwayen pou jwenn pwoteksyon ak endamnite [sekirite] pou lavi ak pwopriyete okenn gouvènman nan peyi sa a pa kapab oswa pa pral gen mwayen pou bay yo, ak pou fini ak kondisyon ki anpeche yo jwenn pwoteksyon legal.

Twazyèmman. Nou kapab jistifye dwa pou fè entèkansyon daprè gwo dega ki gen nan komès, echanj, ak biznis pèp nou an ak destriksyon ekstravagan [san limit] pwopriyete ak devastasyon zile a...

Kounye a pwoblèm nan se ak Kongrè a. Se yon responsablite solanèl. Mwen itilize tout efò pou soulaje kondisyon entolerab bagay ki devan pòt nou. Mwen prepare pou egzekite chak obliasyon konstitisyon an ak lalwa te enpoze mwen, epi m ap tann ou aji ...

Sous: President William McKinley, Message to Congress, April 11, 1898

1 Kisa ki **de** (2) rezon Prezidan William McKinley te mande Kongrè a pou deklare lagè? [2]


(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

REFIZE AK REMÈSIMAN.



OPOZAN YO — “Men, pran yon dòz nan antigrès sa a epi vin mens ankò!”  
TONTON SAM — “Non, gason! Mwen pa te janm pran okenn bagay konsa, epi mwen twò granmoun pou m kòmanse.”

Sous: J. S. Pughe, *Puck*, September 5, 1900 (adapte)

## Dokiman 2b

...Nan ratachman fòse Filipin nan, nasyon nou an pa ni ajoute sou fòs li, ni sekririze plis opòtinite pou pèp Ameriken an.

Men si nou te pèmèt prensip konkèt la sou lwa piblik Ameriken, konkèt teritwa ki tèlman lwen nou, ak abitan ki pa menm enterese ak istwa ak koutim nou, epi ki fache ak nou paske nou te eseye rejte endepandans yo, t ap yon taks [chay] sou do fòs militè ak naval nou ki tèlman gwo nou pa ka mezire.

Ki moun ki kapab estime kantite lajan ak moun nan depans pou soumèt ak kontwole uit milyon moun, ki yon distans sis mayl ak nou, epapiye sou mil-de-san zile epi k ap viv anba yon solèz twopikal?...

Sous: William Jennings Bryan, "Will It Pay?," Bryan et al., *Republic or Empire?: The Philippine Question*, The Independence Company, 1899

2 Daprè dokiman 2a ak 2b, ki **de (2)** fason Etazini te kapab pa afekte Gè Hispano-Ameriken an? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 3

...Transfòmasyon Lamerik de yon pwovens pou vin yon pisans mondyal te kòmanse nan ane 1890 yo. Lè Theodore Roosevelt te pran pouvwa, yo te deja pran premye etap yo ak sa ki pi enpòtan yo. Lè yo te ale nan lagè ak Lespay epi kenbe Filipin an 1898, Lamerik te vin fè pati pisans mondyal endistriyèl ki te gen plis anbisyon yo. Avèk Amandman Platt ane 1901 an, Kongrè a te deklare lemonn li kontinye rete endepandan kont anbisyon kolonyal Ewopeyen yo. Pandan prezidans li Roosevelt te sipòte ekspansyon ki te fèt la ak limitasyon Kongrè te enpoze sou li a, epi li pa te janm anvizaje ekspansyon Ameriken. Pou li si yo te pran Panama se te yon reyalizasyon enterè estratejik Ameriken ki pi dirèk, tankou yon fason pou fè Lewòp pa ka met pye nan Amerik Santral, epi an menm tan asire mobilite konplè sou de oseyan pou marin nan....

Sous: Richard H. Collin, *Theodore Roosevelt, Culture, Diplomacy, and Expansion: A New View of American Imperialism*, Louisiana State University Press, 1985

3 Daprè Richard Collin, ki sa ki te **yon** efè Gè Hispano-Ameriken an te gen sou Etazini? [1]

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Score

## Dokiman 4

...Kore se yon peyi tou piti, distans li ak nou se plizyè mil mayl, men sa k ap pase lòtbò a enpòtan pou tout ameriken.

Jou ki te dimanch 25 jen, fòs Kominis yo te atake Repiblik Kore.

Atak sa a te montre nou klè tankou dlo kokoye mouvman Kominis entènasyonal la pa gen pwoblèm pou itilize zam pou konkeri nasyon endepandan yo. Yon zak agresyon konsa kreye yon vrè danje pou sekirite tout nasyon ki lib.

Atak sou Kore a te se yon vyolasyon lapè ak yon vyolasyon Chat Nasyon Zini an. Aksyon dirijan Kominis Kore yo montre yo meprize prensip moral fondamantal yo te fonde Nasyon Zini sou li yo. Sa a se yon defi dirèk pou efò nasyon lib yo ap fè pou bati kalite monn kote lèzòm kapab viv ak libète ak lapè....

An plis, paske fòs Kominis yo te anvayi Kore sa se yon avètisman ki anonse kapab gen zak agresyon konsa nan lòt pati monn nan. Nasyon lib yo dwe siveye kalite atak anbal chal sa yo plis pase jan yo te konn fè sa avan....

Sous: President Harry Truman, Radio and Television Address to the American People on the Situation in Korea, July 19, 1950

4 Daprè Prezidan Harry Truman, ki sa ki **yon** rezon Etazini dwe konsèse ak sitiyasyon Korea? [1]

Score

## Dokiman 5

...Donk vrè vyolans lagè a pa te janm antre nan konsyans kiltirèl Ameriken an. Apeprè 33,000 Ameriken te mouri ladann. Yon lòt 105,000 te blese. Sid Koreyen yo te gen 415,000 ki te mouri epi 429,000 ki te blese. Chinwa ak Nò Koreyen yo te kache konbyen moun yo te pèdi, men ofisyèl ameriken yo te di yo te pèdi anviwon 1.5 milyon gason. Gè Koreyen an te fè Gè Fwad la cho pou yon moman, epi li te ogmante tansyon ki te deja wo (epi ki t ap monte) ant Etazini ak monn Kominis lan epi entansifye diferans nan opinyon ant Etazini ak fòs Kominis k ap enpoze yo nan Lazi. Tansyon sa yo ak divizyon ant de bò yo nan lit bipolè a [ki te nan pozisyon opoze] te vin pi serye apre move kalkil ameriken te fòure Lachin nan gè a. Lè tout bagay te fini epi yo te dakò pou sispann batay, tou de bò te deklare laviktwa, men divizyon final peyi a pa te diferan ak sa ki te egziste lè gè a te kòmanse. Men Etazini pa te janm menm nan: vizyon estratejik li sou Lazi te chanje, epi ekwasyon politik domestik li te chanje anpil...

Sous: David Halberstam, *The Coldest Winter: America and the Korean War*, Hyperion, 2007

5 Daprè David Halberstam, ki sa ki te **de (2)** efè Gè Koreyen an te gen sou Etazini? [2]

(1) \_\_\_\_\_


Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

# Dokiman 6a

## Etazini Deplwaye Sòlda Nan Kore Disid 1950–2005



Ane

Sous: Tim Kane, Heritage Foundation, 2006 (adapte)

## Dokiman 6b

...Gen yon lòt sijè nou dwe abòde la jodiya. Lè yo te sispann tire, kèk moun te mande kisa fòs nou yo nan Kore te fè pou libète, malgre tou, paske malgre tou, bagay la te kòmanse nan 38èm paralèl epi li te fini nan 38èm paralèl. Jodiya mwen soumèt devan nou pou gade nan gran paj listwa, li klè pozisyon Lamerik te pran nan Kore te jwe yon gwo wòl nan viktwa nou nan gè fwad la. Paske nou te kanpe solid nan Kore, Inyon Sovyetik te aprann Lamerik t ap goumen pou libète....

Paske nou te kontinye kanpe ak alye demokratik nou, Kore Disid, ak 37,000 sòlda Ameriken k ap veye fontyè a jodiya [2000], menm jan nou te fè depi 1953, nou te kenbe lapè. Epi gras a tout sa a, kounye a gen yon chans pou Penensil Koreyen an gen yon demen diferan....

Kore te ede nou sonje detwa lòt leson, tou, ki se pèp nou an ak tout divèsite rich nou an se pi gwo fòs nou, epi yon militè ki entegre konplètman se pi gran garanti nou pou gen laviktwa, epi libète ak sekirite nou depann sou libète ak sekirite lòt moun, epi nou pa janm ka retire kò nou bò kote rès monn nan, jamè....

Sous: President Bill Clinton, Remarks on the Observance of the 50th Anniversary of the Korean War, June 25, 2000

6 Daprè dokiman sa yo, ki sa ki te **de** (2) efè Gè Koreyen an te gen sou Etazini? [2]

(1) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 7

Pandan sèlman dezèdtan, fòs ayeryèn alye yo te kòmanse yon atak sou sib militè Irak ak Kowet yo. Atak sa yo kontinye pandan m ap pale la a. Fòs sou teren yo pa angaje.

Konfli sa a te kòmanse 2 out lè diktatè Irak la te anvayi te vwazen ki san defans yo. Yo te kraze Kowet—yon manm Lig Arab la ak yon manm Nasyonzini—; yo te maltrete pèp li yo. Senk mwa pase, Saddam Hussein te kòmanse gè kriyèl sa a kont Kowet. Aswè a, n ap antre nan batay la...

Objektif nou klè: Fòs Saddam Hussein yo ap kite Kowet. N ap mete gouvènman lejitim Kowet la nan plas li kòm sadwa, epi yon lòt fwa ankò Kowet ap lib. Towouta Irak pral oblije respekte tout rezolisyon Nasyonzini ki apwopriye yo, epi lè sa a, ap gen lapè ankò, nou swete Irak pral rete an pè epi kolabore kòm yon manm fanmi nasyon yo, ki pral amelyore sekirite ak establi nan Gòlf la...



Prezidan George H. W. Bush

Sous: President George H. W. Bush, Address to the Nation Announcing Allied Military Action in the Persian Gulf, January 16, 1991 (adapte)

7 Daprè Prezidan George H. W. Bush, ki sa ki **yon** rezon Etazini te kòmanse lage bonm ann Irak nan mwa janvyè 1991? [1]

Score



## Dokiman 8a

...Grasa pèfòmans militè fanm yo nan operasyon Tanpèt Dezè a, yo te anile dènnye lwa ki te limite sèvis fanm nan mitan deseni an. An 1992, Kongrè a te anile restriksyon ki te entèdi militè fanm yo pou yo pa kondui avyon ki angaje nan misyon konba. An 1993, yo te anile restriksyon ki entèdi fanm sèvi aletranje nan bato konba yo. Avan nou te kòmanse syèk sa a [21èm], fanm te fè pati prèske 14 pousan pèsonèl militè ki ann aktivite epi yo t ap monte nan pi gwo grad nan lame a...

Pandan te toujou gen pwoblèm egalite nan opòtinite pou fanm yo, gen yon gran diferans ant fanm nan militè ane 1999 ak enfimyè Lame an 1901 ki te sèvi peyi yo avan yo te menm gen dwa pou vote yo....

Sous: Women in Military Service for America Memorial Foundation

## Dokiman 8b

...Menmsi Gè Gòlf Pèsik la te tou kout, li te gen menm enpak ak lòt gè yo. Depi lè Gè Gòlf Pèsik la te fini an 1991 jiska jounen jodiya [2009], veteran yo te di yo gen anpil pwoblèm fizik ak sante mantal.

Etid ki egzamine sante mantal veteran Gè Gòlf Pèsik yo te twouve to PTSD [Maladi Estrès Apre Chòk] ki te akòz gè a te nempòt 9% a apeprè 24%. Kantite sa yo pi wo pase sa nou te jwenn pami veteran yo pa te voye nan Gè Gòlf Pèsik la....

Sous: Matthew Tull, *Rates of PTSD in Veterans*, about.com, July 22, 2009 (adapte)

8 Daprè dokiman sa yo, ki sa ki te **de (2)** efè Gè Gòlf Pèsik la te gen sou sosyete Ameriken an? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 9

### *Saddam Hussein Pèsòn Moun Te Ka Bat an 1991*

...Nou pa ka di lè Etazini te anvayi ak okipe Irak an 2003 se te izolasyon. Chèn evènman ki te kòmanse depi plis pase dizan avan lè yo te fèmen Gè Gòlf [Pèsik] 1991 la epi li te kontinye nan efò Etazini pou kontwòle Saddam Hussein nan ane ki te vini apre yo. “Mwen pa panse ou kapab konprann kijan OIF”—akwonim pou Operasyon Libète Irakyan, tèm militè Ameriken yo pou envazyon ak okipasyon Irak an 2003—“san ou pa konprann fen gè ane 91 lan, sitou jan yo pa te fè Ameriken konfyans” [Irakyan yo] se sa Majò Lame Rezèv Michael Eisenstadt, yon ofisye entelijans ki se yon ekspè nan zafè sekirite Mwayèn Oryan te di.

Grenn desizyon dezyèm prezidan Bush pou anvayi [an 2003] te plante nan gè 1991 ki pa te fini an, kote militè ameriken yo te mete Irak deyò Kowet men yo te fini konba a twò bonè ak neglijan, san yo pa t konsidere rezilta premye Prezidan Bush la ak konseye li yo sou te swete yo te jwenn. An fevriye 1991, Prezidan Bush te fè diskou ki te ankouraje irakyan yo pou “pran bagay yo nan men yo epi fòse diktatè Saddam Hussein kite pouvwa a.” Fòs Lame Ameriken an te lage feyè nan inite Irakyan ki te sou teren pou pouse yo fè rebèl. Jou ki te lye mas, inite lame Irik nan Basra a te kòmanse fè sa menm....

Sous: Thomas E. Ricks, *Fiasco: The American Military Adventure in Iraq*, The Penguin Press, 2006 (adapte)

9 Daprè Thomas E. Ricks, ki sa ki te **yon** efè Gè Gòlf Pèsik 1991 lan sou Etazini? [1]

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Nan tout istwa Etazini, te gen lagè pou pwoteje sekirite nasyonal ak pwomouvwa enterè nasyonal. Gè sa yo te afekte Etazini ak sosyete Ameriken an nan pliyè fason. Gè sa yo gen ladan yo **Gè Hispano-Ameriken (1898)**, **Gè Koreyen (1950–1953)**, ak **Gè Gòlf Pèsik la (1991)**.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de (2)** gè ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te fè Etazini te enplike nan gè a
- Diskite efè gè a sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

